**दिन–शनिवार** **दिनांक–10.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसदक बजट सत्र एहि मासक अट्ठाईस तारीख सँ शुरू भऽकऽ दू अप्रील धरि चलत। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे सत्रक पहिल चरण तेरह फरवरी के समाप्त होयत। ओ कहलनि जे दोसर चरण नओ मार्च के शुरू होयत। श्री रिजिजू जनौलनि जे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बजट सत्र लेल संसदक दुनू सदनक सत्र बजेबाक स्वीकृति दऽ देलनि अछि।

---

केन्द्रीय खेल आ युवा मामिलाक मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि अछि जे देशक भविष्य के आकार देबय मे युवा लोकनिक महत्त्वपूर्ण भूमिका अछि। नव दिल्ली मे विकसित भारत यंग लीडर्स डायलॉग केर उद्घाटन समारोह के संबोधिकत करैत श्री मांडविया कहलनि जे ई संवाद युवा नेतृत्व के प्रौद्योगिकी, उद्यमिता, शासन, सतत आ सामाजिक विकास जेहन क्षेत्रक समाधान लेल प्रोत्साहित करत। एहि अवसर पर राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल युवा लोकनि सँ भविष्य मे विकसित भारतक नेतृत्व करबाक लेल निर्णय लेबाक क्षमताक विकसित करबाक आह्वान कयलनि।

---

गुजरातक सोमनाथ मंदिर पर भेल आक्रमणक एक हजार वर्ष पूरा हेबा पर आइ देशभरि मे सोमनाथ स्वाभिमान पर्व मनाओल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोमनाथ स्वाभिमान पर्व मे सम्मिलित भऽ रहल छथि। एहि अवसर पर देशक सभ शिवालय मे दीपोत्सव आ ओंकार जपक आयोजन कयल गेल। बिहार राज्य धार्मिक न्यास पर्षदक अध्यक्ष रणवीर नंदन जनौलनि जे बारह ज्योतिर्लिंग मे सँ एक सोमनाथक परंपराक एक पवित्र अंश मधुबनी जिलाक सौराठ स्थित सोमनाथ महादेव मंदिर मे सेहो अछि। ओ प्रदेशक सभ मठ मंदिरक प्रबंधक सँ एहि आयोजन मे सहभागी बनबाक आग्रह कयलनि।

---

उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे विकसित भारत जी राम जी योजनाक प्रमुख उद्देश्य विकसित भारतक लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल ग्रामीण विकासक नव ढांचा तैयार करबाक अछि। आइ पूर्णियां मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे नव योजना मे काजक दिन बढेबाक संग–संग पारिश्रमिक मे सेहो वृद्धि कयल गेल अछि।

---

जनता दल यूनाइटेड स्पष्ट कयलक अछि जे वरिष्ठ नेता के.सी त्यागीक कोनहुं बयान अधिकारिक नहि अछि। पार्टीक राष्ट्रीय प्रवक्ता राजीव रंजन जनौलनि जे श्री त्यागीक बयान हुनक व्यक्तिगत बयान होइत छनि आ हुनका पार्टी सँ कोनो संबंध नहि छनि।

---

पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि अछि जे बिहार मे आपराधिक घटना मे उल्लेखनीय कमी भेल अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत मे ओ जनौलनि जे हत्याक घटना मे वर्ष दू हजार पच्चीस मे आठ दशमलव तीन प्रतिशत कमी दर्ज कयल गेल। ओतहि, दंगाक मामिला मे एक्कैस दशमलव पांच, दुष्कर्मक मामिला मे आठ दशमलव दू, बैंक डकैती मे अस्सी प्रतिशत आ बैंक लूटक घटना मे बासठि दशमलव पाँच प्रतिशत कमी भेल अछि। पुलिस महानिदेशक जनौलनि जे साइबर अपराध नियंत्रण लेल पटना मे कमांड एंड कंट्रोल सेंटरक स्थापना कयल जायत।

---

न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे लगातार कमी हेबा सँ संपूर्ण प्रदेश कड़गर ठंढाक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे न्यूनतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमी भेल अछि। चारि दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग गयाजी प्रदेशक सभ सँ ठंढा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस सँ अड़तालीस घंटा मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस वृद्धि हेबाक संभावना अछि।

---

आकाशवाणी पटनाक प्रादेशिक समाचार एकांश द्वारा आइ सामयिक चर्चा कार्यक्रमक अंतर्गत कृषि मंत्री रामकृपाल यादवक संग विशेष बातचीतक प्रसारण कयल जायत। एहि कार्यक्रम के राति सात बाजि कऽ बावन मिनट सँ सुनल जा सकैत अछि।

---

आइ विश्व हिंदी दिवस मनाओल जा रहल अछि। विदेश मे हिंदी भाषा के बढावा देबाक उद्देश्य सँ ई दिवस मनाओल जाइत अछि।एहि अवसर पर हिंदी भाषाक संवर्द्धन के लऽकऽ मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

---

दरभंगा में प्रमंडलीय आयुक्त हिमांशु कुमार रायक अध्यक्षता मे राजस्व संग्रहण के लऽकऽ समीक्षात्मक बैसार कयल गेल। बैसार मे राजस्व आ भूमि सुधार समेत विभिन्न विभागक अधिकारी उपस्थित छलाह।

---

समाप्त भेल।